Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 21 ноябрь Рузман № 53 (78123) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Васасул орден эбелалъухъе кьуна

Гъал къоязда районалъул бетIер Шамил ГIумаров ва Хуштада росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIилов дандчIвана рагъулаб хасаб операциялда Аллагьасул къадаралде щварав МухIамад МухIамадовасул эбел ПатIимат СагIадулаевагун.



МагIарул яхI-намусгун къохIехьей ва къвакIи-бахIарчилъиги бихьизабун вагъулев вукIарав МухIамад хун хадуб мустахIикълъана Бихьинчилъиялъул орденалъе. Гьеб ккола улкаялъул тIадегIанал даражабазул шапакъатазул цояб.

Хъизаналъул рухIел сунцаго сасинабизе кIолареб рекIел бухIи кколин абуна эбелалъухъе орден кьолаго, районалъул бетIерас.

-Нилъеца, нахъе хутIаразгун гIун бачIунеб гIелалъ, хIаракат бахъизе кола бахIарзал абадиялъ нилъер ракIазуль цIунизе. Гьезул бахIарчилъи кола нилъее, кьвагарал умумузул ирсилазе, мисаллъун,- ян абуна Шамил ГIумаровас, эбелалъухъе орден кьолаго.

ПатIиматица баркала загьир гьабуна районалъул бетIерасе замана щвелалдего кьалул байданалда накълулъарав вас ракIалде щвезавиялъухъ.

## Налогазул суал борхана



17 ноябралда Агъвали райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас тIобитIана районалъул лъайкьеялъул учреждениябазул нухмалъулезул дандельи. Гьениб гIенеккана районалъул бюджеталъул доходалъул бутIа цIикIкIинабиялъе ва бюджеталде налогал рачIиналъе хIаракат бахъизе ккеялъул суал.

Районалъул цогояб бюджет тIубаялъул хIакъалъулъ информациягун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул экономикияб отделалъул хIалтIухъан МухIамад КъуратмухIамадов.

Дандельиялда гIахьаллъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад-хIабиб АхIмадов ва райадминистрациялъул экономикияб отделалъул нухмалъулев ТIагьир Муртазалиев.

**МухIамад КъуратмухIамадов**

## Срок заключения контракта с увеличенными выплатами продлён до 30 ноября

Согласно Указа Главы Республики Дагестан, продлен срок заключения контракта о прохождении службы в Вооружённых Силах РФ с повышенными мерами поддержки до 30 ноября 2025 года.

Контрактники, оформившие службу в указанный срок, получают выплату в размере 2 900 000 рублей, включая:

- 400 000 рублей - федеральная выплата;
- 2 000 000 рублей - поддержка из бюджета Республики Дагестан (в период с 20 октября по 30 ноября)
- 500 000 рублей - муниципальная выплата.

Кроме единовременных выплат, военнослужащим гарантируются:

-ежемесячное денежное довольствие- 210 000 рублей;

-бесплатное медицинское обслуживание для военнослужащего и его семьи;

- обеспечение жильём или возможность участия в служебной ипотеке;

- официальный трудовой стаж и возможность карьерного роста.

Служба по контракту - это не только стабильность и уверенность в будущем, но и возможность получить современные военные профессии, достойное вознаграждение и социальные гарантии.

Для заключения контракта и получения консультации можно обратиться в пункт отбора граждан на военную службу по контракту по Республике Дагестан (тел: 8 989 484-69-95) и в военный комиссариат Цумадинского района (тел: 8 988 271-69-10, 8960 417-40-98).

Горячая линия - 117

**Пресс-служба муниципалитета**

### Барки

## Россиялъул мустахIикъав тохтур



Сахлъи цIуниялъулъ гьабураб хъулухъалъе ва гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло хехаб медицинаялъул кумекалъул республикаялъулаб клиникияб больницаялъул бетIерав тохтур ИмангIалиев МухIамад Расуловичасе 17 ноябралда Россиялъул Федерациялъул Президентасул Указалдалъун кьун буго «Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав тохтур» абураб хIурматияб цIар.

Баркула МухIамадида хIурматияб цIар. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI, хIалтIулъ лъикIал хIасилал, гьабулеб ишалъулъ икьбал.

ТIураги гьесул рекIел мурадал ва анищалгун къасдал. Рохалилаб гурони хабар рагIизе хьван батугеги МухIамадил хIакъалъулъ.

**Районцоял цIумадисел**

## «МустахIикъав тIабиб» тIадегIанаб цIар

**МухIамад ИмангIалиевасе сайгъат гьабула**

Рохалил хабаралъ, хинал рагIабаз,
Бакъул чIоралъ гIадаб, чIаголъи кьуна...
Халкъалъ къимат кьолев къадруяв инсан,
ГIадатал рагIаби дуй сайгъаталъе...

Дунгун хIеж борхарав «Маршал Жуковас»,
Ма ша Аллагь хьизан Хадижатица,
ТIисси жамагIаталъ, ТIинди шагьаралъ,
Шапакъат баркеян кагъат бачIана...

Гъункараб коллектив, камилав тохтур,
Унтарал разияб недегъаб калам...
Сахлъиги цIуниялъул хъаравуллъуда
РакIбацIцIадаб хIалтIул хIасил буго гьеб!...

Дур азарханалъул хIалтIухъабазе,
Азарго баркала цIумадисезул!
«МустахIикъав тIабиб» тIадегIанаб цIар,
ТIолабго Дагъистан машгьур гьабураб!

**ГIабдула Зубаиров**

# Регьадул иццухъ как балеб рукъ

ГIемераб бицана Инхокьвари бугеб даруяб регьадул лъел иццул ва гьелда сверухъ гьарунщинал хIалтIабазул. КIочон таразда ракIалде щвезабилин лъеде аскIобе машина бачине бараб кьоги, лъелго унезе рарал болъабиги ва щула гьабураб лъелаб кьоги. БукIана гьениб как базе ва регьа цIезе рачIаразе, жидехъе ирга щвезегIан дагьабго хIухьбахъи гьабизе лъураб цIулал рукъ. ХIинкъи цIикIкIараб хIалалде ккараб гьеб рукъ инхокьварисез



биххана гIорхъолъа борчIараб иш ккеялдаса цIуни мурадалда.

ГIемер рукIунаан гьенир, рии-хасел батIа гьабичIого, как базе рачIарал гIадамал. Кирeха гьелги инел? Гьебги хIисабалде босун, росдал жамагIатгун дандги бан, дир пикру ккана гьениб, иццда аскIобго, бихьиназегун руччабазе какал разе рукъ базе. Гьесул пикруялъул рахъ ккурав МигIарсо росулъа «МигIарсо» дармилаб рукъалъул бетIергьан МухIамад ХIасановас гьелъие шлакоблоказул цIун КАМАЗалги ритIун рачIана. Аллагь разилъаги гьесда



ва гьесул хъизан-лъималазда, баракат лъеги гьесул магIишаталда. Хехабго заманалда хьваршикIкIалахъисезул кумекалдалъун какил рукъалъул къадал эхетана, гьабсагIат гьениб тIадбан унеб буго хIалтIи. Къойил камуларо Аллагьасе гIоло гьенире хIалтIизе рачIунел гIолохъабиги. Аллагьас кири кIодо гьабеги гьеб ишалъуль хIалтIудалъун букIа, гIарцудалъун букIа кумек гьабуразе.

ГIемерлъаги имангун яхI бугел сахаватал гIолохъаби.

**ГIабдунасир Хизриев**

# ШартIал гIуцIулел руго

Къойидаса къойиде лъикIлъулеб буго районалда халкъалъул яшав, цебетIолеб буго



социалиябгун экономикияб рахъ. Гьелъие квербакъулеб буго районалъул нухмалъиялъул кумекалдалъун росабазул бутIруз «Шагьаралъул санагIатал шартIал» абураб федералияб проекталдаса пайда босиялъ.

Гьединазул цояб ккола дагьал цере къояз Хуштада росулъ лъималазе хIухьбахъиялъе рагьараб площадка ва капиталияб ремонт гьабун кьачIараб росдал кьватI. Гьел объектал рагьиялъул тадбир тIобитIана гьал къояз Хуштада росулъ. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул вакилзабиги. Росдал гьитIичазе байрамлъун лъугьараб гьеб къоялъ гьезул рохалие гIорхъи букIинчIо. Дандеруссаразул чIиргъи-хъуялъ босун унеб бугин сверухълъигоян кколеб букIана тадбиралда. Гьенир лъималаз цIалана кучIдул, рикIкIана площадка рагьизе квербакъаразе баркалаялъул рагIаби. Площадкаялда лъураб щибаб скамейкаялъулгун расандулел бакIазул «хIал бихьана» лъималаз, гьел лахIзатал рукIана подрядчиказе тIадегIанаб къиматлъун.

ГьитIичазулалдаса бергьараб букIинарищха чIахIиязулги рохел, бетонги тIун, росулъ цогиги кьватI кьачIайдал. дир



пикру.

Росдал бетIер Асадула ИсмагIиловас баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе жидедехун бугеб бербалагьиялъухъ, гьединго баркала загьир гьабуна росдал гIолохъабазе росулъ гьарулел гIаммал ишазулъ гIахьаллъиялъухъ.

-Унго-унголъунги гьитIичазул лъимерлъи талихIаблъун букIине, гьел сахал, спорталде гьира бугел гIезе ккани, хIаракат бахъизе кола гьелде кIвар кьезе. Гьанир расандулел лъималазулгьезул беразул кунчIиялъ бицунеб буго гьезул рохалие гIорхъи гьечIебльи. Лъимадул талихIаб гьимиялда бащадаб жо щибго гьечIо, кидаго камугеги щивасул рокьоб гьезул гьимиги релъиги. Гьадинал тадбираз гьункизабула халкъ, росу ва бихьизабула нилъер къуват цолъиялъуль букIин,-ян абуна росдал бетIерас жиндирго баркиялъулаб кIалъаялъулъ. Гьединго баркала загьир гьабуна гьес «Комфорт» ва «Парус» ООО-язул нухмалъулезе ракIбацIцIадабго гьабураб хIалтIухъ.

**МухIамад ХIанапов**

# РацIцIалъи-росдал гьумер

-РацIцIалъи гьабулелъуб гуреб, ришни-къул рехуларелъуб букIунебила,-ян буго халкъияб кици. ХIисаб гьабидал, гьедин кколелебги буго



сверухъ балагьидал. РацIцIалъи иманалъул бащалъи кколин абураб цогидаб кицаги хIисабалде босун, инхокьварисез росулъ тIобитIана субботник. Росулъ рацIцIа-ракъалъи чIезаби жидер тIадаб иш букIин ва гьеб чIезабизе кьватIисан чи вачIине гьечIебльи гьезда лъикI бичIчIула. Цереккунго хIадурана ришни-къул бакIаризе кьандалъаби, росдал гIадамазегун тIабигIаталъе (экологиялъе) зарал гьечIеб бакIалде бачун, бухIана цIа рекIунебщинаб ришни. Щивас жиндирго мина-карталдаса, азбар-кьоноялдаса байбихьун, росдал годекIаниб, школалъул азбаралда, шагьранухлул рагIаллъабазда-тIолго росулъ гьабуна инхокьварисез рацIцIа-ракъалъи.

Рохизе ккараб жо буго гIадамазда бичIчIулеб букIин ришни-къул гьелъие бихьизабураб бакIалде щвезабизе кколебльи, ва гIемерисез гьеб жидерго ригьазда аскIоб гвендги бухъун, бухIулеб букIин, гьединлъидал, абизе бегьула росулъ рацIцIа-ракъалъи цIуниялъул суал квеш гьечIин.

Росдал администрациялъул рахъалдаса ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго субботникалда гIахьаллъарал росуцоязегун школлъималазе, бацIцIадаб экология-сахаб букIинесеб букIинги бичIчIун, росдал сипат бацIцIад чIезабизе хIаракат бахъулеб жамагIаталъе.

Гвай (субботник) ккола бацIцIадаб нигатги гьабун, инсанас жиндирго иманги, цогидазе лъикIаб мисалги бихьизабун, цоцалъ ракIалги журан гьабулеб хIалтIи, кумек ва гьелъул хIасилалдаса нилъерго разилъи.

**Айгьанат МухIамадова**

Тарих

# ТIинди
# Имам-Шамилилгун дандчIвай

**ГIажамалда хъвараб Имам-Шамилилгун ккараб гьаб лъугьа-бахъиналъул бицен батана ТIинди росулъ.**

**Гьаниса нилъеда лъикI бихьула магIарулазда гьоркьоб букIараб адаб-хъатир.**

**МагIарул миллат бикьизабиялда тIад хIалтIулел гIалимзабазе жаваблъунги ккола гьаб хъвай-хъвагIай.**

**МагIарул мацI ГIанди-гIурухъ ГIабдурахIман Даниялсвас билълъанхъизабунилан гаргадулел чагIазда цIехезе бегъула нилъеца: гьаб хъвай-хъвагIайги гьес тIамун гьабураб жойищилан? Гьелдалъун нилъеда бихьулеб буго болмацI XIX гIасруялдаги кинабго магIаруллъиялда киназего гIаммаб алатлъун букIараблъи. Гурони, щайзе ТIиндиса чиясе къваригIараб 1854 соналъ магIарул мацIалда гьаб жо хъвазе?**

Гьеб соналъ Имам-Шамил унев вукIана Гуржиялъе-ЦIинандариса гуржиязул гиназазул хъизамал хъамиялдалъун хадубккун машгьурлъараб чабхъен гьабизе. Унаго, нухтIа ТIиндив рещтIарав гьесухъе рачIуна гIалимзаби ва жамагIатчагIи, кIудияв Имамасе адаб гьабизе. Гьебго къоялъ, рокъове щун хадубго хъвараб бицен буго гьаниб - гьоркьехун - кьолеб хъвай-хъвагIай.

ТIиндиса бахIарчи Усайилав Къарахъа МухIамадтIагьирицаги рехсолев вуго, Бусайилав хIисабалда. Амма росулъ ругел биценазда рекъон, гьесул цIар букIун буго Усайилав абун. Гьев хун хадув, гьесул инсуе гьавун вукIун вуго цоги вас ва гьесдаги инсуца лъун бугила Усайилав абун цIар. Гьев чIванила 1930-абилел соназда. Жеги, гьанивго рехсолев Дибирасулав ккола ТIиндиса чи.

Ла хIавла ва ла къуввата илла биЛлагь.

Рокъове щун хадуб, дица хъвана Имам-Шамилил нижеда гьабураб калам.

Ниж ана-дунги, Дибирасулавги, Усайиласул (эмен) МухIамадги - жакъа имамасда тIаде, гьезие гьоболлъи гьабизе бокьун. Кодоб квенгун нижеца Имамасдаса ниж тIаде рачIине изнуги тIалаб гьабуна.

Имам-Шамилги гьесул наибзабиги рещтIун рукIана нилъер росдада цебе - Гъассилахъ абулеб колода. Кванан хадуб, дица Имамасда абуна: «Гьав МухIамадил вас вукIана дов Аргъванив шагьидлъарав ТIиндисев Усайилав, - абун. Гьеб мехалъ имамас, тIаде вахъун, нижер цIидасаги кверал росана. «Гьанже гIодор рукIа»,-ян абуна.

«МухIамад, дуеги дур хъизамалъеги баркала! Дица баркала кьола»,- ва лъияб дугIа гьабуна. Нужее Аллагьас лъиялдаса жазаги гьабеги, - абун - гьодинав бахIарчи гIезе гьавиялъухъ-рагъулъ, тушманасдаса щибго беркъачIого, жиндир рухI бичарав ва тушбабазе кIудияб ками ккезе гьабурав. Гьес босана камилаб гъазават. Гьев нужее ахираталда ватила, бахIарав гIадин. Дица гьесие бахIарчиясул цIарги кьуна. Гьединго, нужер, багвалазул, тIиндадерил лъиял бахIарзал дир бода рукIана: ГIалуч-МухIамад - абун , Денгал МухIамад - абун. Гьев ГIалуч-МухIамадицаги ИчичIали ккараб рагъда бихьизе гьабуна жиндир бахIарчилъи. Гьединал лъимал хьихьарал нужер эбел-инсуе МахIшаралъул къоялъ кумек букIина. ИншалЛагьу тагIала. Гьанже нужеца нужерго мурад бицине дир изну буго» - ян абуна имамас.

Цинги нижеца гьикъана: - «Дур къадру борхаяв, хIурматияв Имам! Гьаб кIудияб аскар гьаниса эхеде рехиялъе щиб мурад бугеб? - абун. Имамас жаваб гьабуна: «Нилъер магIаруллъи, льарагIлъи ва чачанлъи гурелги, нилъее къваригIун буго нилъеда сверухъ ругел улкабиги капурлъиялъул лагълъиялдаса эркен гьаризе ва жидерго ихтияраб улка гьабизе. Гьеб букIине гьабизе бацIцIадаб, аварагасул шаригIат цIунараб улкалъун. Цо чи хан, цоги чи лагъ гьечIони, нилъер кинабго халкъ жиндирго ихтияраб букIине. Гьаб дир боги, Гуржиялъе унеб буго. Гьазул бетIерги дир вас ГъазимухIамад гьавуна дица».

Гьеб мехалъ нижеца абуна: «Гьеб гуржиязул цIикIкIараб улка гьечIищ. Дуца ГIажамалдаса яги турказул добаса кумек щай тIалаб гьабичIеб? - абун. Имамас абуна: «Нилъее щивго чиясул кумек хIажатаб гьечIо. Нилъерго халкъаль кинабго рагъуе хIажатаб жо гьабула. Нилъее кумек, жив бетIергьанав Аллагьасул бугони, гIола. Аварагас кколеб ислам-Аллагьасул дин-ханзабазул кумекалдалъун билълъине гьабичIо. Живго Аллагьасул кумекалдалъун билълъине гьабуна. Нужода бихьуларищ Аллагьас дие квегъун кьураб аскар?» Гьеб мехалъ МухIамадица гьикъана: «Чан азар чи ватила гьаб аскаралда? - абун. Имамас хекко жаваб кьуна ва дагьаб нодо букIана: «Макка бахъулеб къоялъ Аварагасул гIанаб батила»,- абун.

Цинги имамасе хабар къокълъизабизе бокьана. Цинги нижеца гьикъана: «Гьанже нижеда амру гьабизе жо бугищ?» - абун. Имамас абуна: «Нужеца нужер лъималазда, нужер гIолилазда абе, нужерго Усайилав гIадинал лъугьайин. Абе: бахIарчиясул хвел гьечIин, я дунивалалда, я ахираталда.

Нижеца квералги росана, нижги нахъруссана.

1270/1854 соналъул роол авалаб гIуж.

**Тимур Айтберовас ва ШагIбан ХIапизовас** хIадур гьабураб «МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» абураб тIехьалдаса боса-раб

Конкурс

# Отбор кандидатур
# на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский» от 17 ноября 2025 г. № 4 на 24 декабря 2025 года повторно объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться до 12 декабря 2025 г. со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» в администрации сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1.Личное заявление на участие в конкурсе;

2.Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий размером 4х5 - 3 шт;

3.Паспорт или заменяющий его документ;

4.Документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

-документ о профессиональном образовании;

-трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.Сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6.Согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

-оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский» от 08.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» М. Имангазалиев**

# Отбор кандидатур
# на должность главы сельского поселения

Решением сессии Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Тиндинский» № 6 от 18 ноября 2025 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района РД:

Прием документов от граждан желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться с 24 ноября до 14 декабря 2025г. в администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» в рабочие дни с 9ч.00 минут до 12ч. 00 минут и с 13ч. 00 минут до 17 часов 00 минут.

Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1.Личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1 к настоящему Положению утвержденным решением №5 от 18.11.2025г.

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если гражданин является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Гражданин вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом иного соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у гражданина имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2.К заявлению, предусмотренному подпунктом 1 пункта 1 прилагаются:

-анкета по форме согласно приложению 2 к настоящему Положению утвержденным решением №5 от 18.11.2025г.:

-копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

-копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что гражданин является депутатом.

3.Сведения о размере и об источниках доходов гражданина, а также об имуществе, принадлежащем ему на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 3 к настоящему Положению утвержденным решением №5 от 18.11.2025 г..

4.Письменное уведомление о том, что он не имеет счетов (вкладов), не хранит наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, не владеет и (или) не пользуется иностранными финансовыми инструментами.

5.Согласие на обработку персональных данных согласно приложению 4 к настоящему Положению утвержденным решением №5 от 18.11.2025 г..

6.После прохождения двух этапов конкурсной комиссии кандидат должен выступить с своей программой действий направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

**ВрИО председателя Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Тиндинский» М. Исаев**

**Разъяснение специалиста**

# Профилактика гриппа и ОРВИ

Грипп и ОРВИ представляют собой остро протекающую вирусную инфекцию. Самый распространенный путь передачи инфекции - это воздушно-капельный путь, возможен и бытовой путь передачи, например, через предметы обихода, при кашле, чихании, разговоре из носоглотки больного или вирусоносителя выбрасываются частицы слюны, слизи, мокроты с болезнетворной микрофлорой, в том числе с вирусами гриппа. Характеризуется острым началом, лихорадкой (с температурой 38 °С и выше), насморком, чиханием, кашлем, болью в горле, нарушением общего состояния разной выраженности и поражением дыхательных путей. Инкубационный период, как правило, длится от нескольких часов до 5 дней. Затем начинается период острых клинических проявлений.

При тяжелом течении гриппа часто возникают необратимые поражения сердечно-сосудистой системы, дыхательных органов, центральной нервной системы, провоцирующие заболевания сердца и сосудов, пневмонии, трахеобронхиты, менингоэнцефалиты. Распространенными осложнениями после гриппа являются риниты, синуситы, бронхиты, отиты, обострение хронических заболеваний, бактериальная суперинфекция. В ослабленный гриппом организм часто внедряется бактериальная инфекция (пневмококковая, гемофильная, стафилококковая). Наибольшие жертвы грипп собирает среди пожилых групп населения, страдающих хроническими болезнями.

**Профилактика гриппа и ОРВИ подразделяется на неспецифическую и специфическую:**

**К неспецифической профилактике гриппа и ОРВИ относится:**

1.Личная гигиена. Иначе говоря, множество заболеваний связано с немытыми руками. Источник, как и прежде, больной человек. Избегать в этот период необходимо рукопожатий. После соприкосновений с ручками дверей, туалета, поручнями в общественных местах, обработать руки антисептиком или тщательно их вымыть. Не трогайте грязными, немытыми руками нос, глаза, рот.

2.Экстренная профилактика, проводимая в начале эпидемического подъема заболеваемости с применением противовирусных химиопрепаратов, обладающих немедленным эффектом.

3.Одеваем маски. Причем одевать как раз стоит ее на больного человека, чтобы исключить попадание в пространство крупных частиц слюны при кашле и чихании.

4.Тщательная уборка помещений. Вирус любит теплые и пыльные помещения, поэтому стоит уделить время влажной уборке и регулярному проветриванию.

5.Избежание массовых скоплений людей. В этот период лучше воздержаться от походов в театры, цирки, кафе и прочие места, где могут оказаться инфицированные люди и где шанс подцепить вирус высок.

6.Другие методы, к которым можно отнести сбалансированное питание и здоровый образ жизни, занятие физкультурой, прогулки и многое другое.

Всемирная организация здравоохранения считает вакцинацию единственной социально и экономически оправданной мерой борьбы с гриппом. Вакцинация на 90 % снижает заболеваемость, на 60 % снижает госпитализацию.

Основным методом специфической профилактики против гриппа является активная иммунизация - вакцинация, когда в организм вводят частицу инфекционного агента. Вирусы (его части), содержащиеся в вакцине, стимулируют организм к выработке антител (они начинают вырабатываться в среднем через две недели), которые предотвращают размножение вирусов и инфицирование организма.

Цель вакцинации - снижение заболеваемости и смертности от гриппа и, особенно, от его осложнений, от обострения и отягощения сердечно-сосудистых, легочных заболеваний и другой хронической патологии.

В первую очередь вакцинации против гриппа в предэпидемический период подлежат лица, относящиеся к категории высокого риска заболевания гриппом и неблагоприятных осложнений при заболевании, к которым относятся:

-лица старше 60 лет, прежде всего проживающие в учреждениях социального обеспечения;

-лица, страдающие заболеваниями эндокринной системы (диабет), нарушениями обмена веществ (ожирение), болезнями системы кровообращения (гипертоническая болезнь, ишемическая болезнь сердца), хроническими заболеваниями дыхательной системы (хронический бронхит, бронхиальная астма), хроническими заболеваниями печени и почек;

-женщины во 2-м и 3-м триместре беременности (только инактивированными вакцинами);

-лица, часто болеющие острыми респираторными вирусными заболеваниями;

-дети старше 6 месяцев, дети, посещающие дошкольные образовательные организации и (или) находящиеся в организациях с постоянным пребыванием (детские дома, дома ребенка);

-школьники, студенты, медицинские работники, работники сферы обслуживания, транспорта, учебных заведений.

**А.Таймасханов,** помощник врача общей гигиены

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ №227

**10 ноября 2025 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и решением №1 Собрания депутатов сельского поселения «село «Саситли» от 05.11.2025 г.

**постановляю:**

1.Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село «Саситли».

2.Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы МР «Цумадинский район»№ 227**
**от 10.11.2025 г.**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур**
**на должность главы сельского поселения «село «Саситли» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных главой муниципального района | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собрания депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | сельское поселение «село «Саситли» | Ибрагимов Тимур Ахмедович | начальник ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район» | Ахмедов Каим Асадулаевич |
| | | Расулов Шамиль Магомедович | главный специалист ОЭ,Н,И и ЗО администрации МР «Цумадинский район» | Гасанова Асма Магомедовна |

# Ислам МахIачевас чемпионасул кIиабилебги рачел босана



Ислам МахIачевас цоги нухалъги босана бергьенлъи ва вахъана 77 кг. цIайиялда UFCялъул цIияв чемпионлъун.

Джек Делла Маддаленада бажаричIо дагъистаниясда данде чIезе, щуябго раундалда Исламица босана бергьенлъи.

Гьев ккола кIиго батIияб цIайиялда UFCялъул Россиялдаса вахъарав тIоцевесев чемпион.

ЦIумазул улкаялъ баркулеб буго Исламида бергьенлъи.

# Регистрация недвижимости в Росреестре

Сведения о регистрации из ЕГРН является самым надёжным способом подтверждения права собственности недвижимости. Без регистрации нельзя совершать сделки, получать некоторые виды справок, а в некоторых случаях можно и жильё вовсе потерять.

Обязательно ли регистрировать недвижимость в Росреестре и какие будут последствия, если не пройти эту процедуру.

**Для чего нужна регистрация недвижимости.**

Обо всех операциях, при которых происходит переход права собственности - например обмен, дарение, продажа или покупка - необходимо уведомлять государство. Для контроля создан специальная база - единый государственный реестр недвижимости. За его ведение и актуализацию отвечает Росреестр.

Реестр необходим не только для государства, но и для людей. При наличии выписки из ЕГРН покупатель может быть уверен в юридической чистоте своей недвижимости. Регистрация в государственном реестре даёт и финансовую защиту. Например, если при продаже квартиры собственник не указал информацию о своей недееспособности, то случае признания сделки недействительной покупатель вправе получить компенсацию убытков.

**Сколько можно не регистрировать право собственности.**

Первое, что нужно сделать после любой сделки с недвижимостью-подать документы на регистрацию. Законом не установлены сроки для собственников на проведение этой процедуры, но на практике обойтись без справки из ЕГРН не получится.

Сроки проведения регистрации прав Росреестром регламентируются ФЗ №218. Если подавать заявление дистанционно через портал Госуслуг, на процедуру уйдёт 7 рабочих дней, через МФЦ «Мои документы»- 9 дней. Если регистрация требуется судом, то ведомство обязано обработать заявку за 5 рабочих дней.

У Росреестра есть более 60 оснований для отказа в регистрации вплоть до устранения причины. Чаще всего это подача неполного пакета документов, наличие обременений, ошибки в договоре.

**Что будет, если не регистрировать недвижимость.**

На любую недвижимость, которая не зарегистрирована в реестре, не начисляется налог. Это может привести к наказанию по уголовной статье за уклонение от уплаты налогов в виде штрафа до 300 000 рублей или лишения свободы до 2 лет.

Без подтверждения права собственности возникает и множество других проблем:

-гражданин не сможет получить имущественный налоговый вычет;

-банк не выдаст денег при оформлении ипотеки;

-в квартире или доме нельзя зарегистрироваться;

-нельзя проводить никаких сделок, включая оформление завещания и оспаривание в суде.

Подтверждённое право собственности защищает и в случае природных катаклизмов. Например, в случае наводнения или землетрясения можно получить компенсацию ущерба.

**Коротко о главном**

После покупки земельного участка, квартиры, комнаты или дома у владельца появляется обязанность зарегистрировать право собственности на недвижимость. Регистрация важна не только для государства, но и для людей -она даёт право на совершение сделок с недвижимостью и получения различных льгот.

Если квартира не оформлена в собственность, возникает целый ряд проблем. Недвижимость в таком жилье не получится продать или подарить, а кроме того, возможно и уголовное наказание за неуплату налога - вплоть до лишения свободы.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Техникияй редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул

«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)
Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 3670I8,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1025

Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.
Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.